



Rezime Règleman Pwogram Asistans Finansyè (FAP)

Misyon Sistèm Sante Wellstar (Wellstar) se pou kreye epi bay bon jan kalite sèvis swen sante pou amelyore sante ak byennèt moun n ap sèvi yo. Vizyon Wellstar se bay swen sante klas mondyal. Gen pasyan nan lopital Wellstar ki gen pwoblèm pou peye pou sèvis medikal ki nesese, lè yo entène lopital la oswa lè yo vini pou konsiltasyon estèn. Pou ede pasyan sa yo avèk pwoblèm lajan yo genyen, Wellstar ofri diferan nivo asistans finansyè pou pasyan ki elijib selon Règleman Pwogram Asistans Finansyè a (FAP). Règleman sa a konsène sèvis lopital ki kalifye, e li gen dwa konsène sèvis pasyan an resevwa deja ak bòdwo yo voye pou li deja.

KIJAN POU KALIFYE POU FAP

Etap 1: Gade pou wè si lajan fanmi ou fè koresponn a Nivo Povrete Federal la (FPL) epi barèm pwogram FAP la.

Wellstar bay yon Alokasyon Charitab Minimòm (MCA) pou tout moun ki pa gen asirans, ki ekivo a diferans ki genyen ant frè pou sèvis medikal ki nesese avèk sa lalwa federal rele “Montan yo Chaje Dabitid” (oswa AGB).

Barèm FPL ansanm avèk règleman FAP ap detèmine lòt nivo asistans finansyè. Lalwa federal di FPL se salè brit minimòm (anvan taks) yon moun oswa yon fanmi bezwen pou manje, rad, transpò, kay, ak lòt nesese. Lè moun oswa fanmi nan nivo 125% FPL oswa pi ba, Wellstar panse yo pa gen ase mwayen pou peye pou sèvis medikal ki nesese nan lopital la, kifè li ofri asistans finansyè anplis MCA bay moun sa yo. Se yon fason pou swen medikal yo resevwa lopital la ka 100% gratis. Pou moun oswa fanmi ki ant 126% ak 200% FPL, Wellstar ofri asistans finansyè anplis, ki rive jiska 97% sa lalwa federal rele (AGB). Pou moun ki ant 201 pousan FPL ak 300 pousan maksimòm, yo gen dwa bay asistans finansyè anplis, selon nivo salè fanmi an, epitou si fanmi an pase tès “Byen ki Kalifye” a.

Anba a, nan premye kolòn nan, se yon tablo ki montre kantite moun ki nan fanmi FAP la; chèche chif ki aplikab la – se gen dwa yon moun ki rete poukont li, oswa yon moun ki rete avèk mari/madanm, paran avèk timoun ki gen mwens pase 21 an daj, epi yo tout rete nan menm kay la. Chif la pran ankont timoun minè ki rete avèk gadyen legal. Apre sa, match salè total fanmi an ki ekri sou liy nan pou etabli yon kategori FAP. Si pasyan pa elijib pou FAP lè yo gade barèm salè a sèlman, pasyan sa yo gen dwa kapab resevwa asistans finansyè si depans medikal ki nesese pran tout lajan ak resous fanmi an genyen (endijans medikal). Epitou, Wellstar oswa yon tyès pati va eseye ede pasyan jwenn asirans oswa asistans finansyè ki kisonib nan menm gouvènman an oswa lòt pwogram kominotè pou ede redui depans pou swen sante.

Gid Pasyan pou FAP Wellstar - Salè Fanmi jiska 300% FPL

| Kantite moun nan fanmi an | 125% oswa pi piti Kategori 1 | 126% -200% Kategori 2 | 201% -250% Kategori 3 | 251% -300% Kategori 4 |
|---------------------------|---------------------------------|--------------------------|--------------------------|--------------------------|
| 1 | \$0 - \$18,825 | \$18,826 - \$30,120 | \$30,121 - \$37,650 | \$37,651 - \$45,180 |
| 2 | \$0 - \$25,550 | \$25,551 - \$40,880 | \$40,881 - \$51,100 | \$51,101 - \$61,320 |
| 3 | \$0 - \$32,275 | \$32,276 - \$51,640 | \$51,641 - \$64,550 | \$64,551 - \$77,460 |
| 4 | \$0 - \$39,000 | \$39,001 - \$62,400 | \$62,401 - \$78,000 | \$78,001 - \$93,600 |
| 5 | \$0 - \$45,725 | \$45,726 - \$73,160 | \$73,161 - \$91,450 | \$91,451 - \$109,740 |
| 6 | \$0 - \$52,450 | \$52,451 - \$83,920 | \$83,921 - \$104,900 | \$104,901 - \$125,880 |
| 7 | \$0 - \$59,175 | \$59,176 - \$94,680 | \$94,681 - \$118,350 | \$118,351 - \$142,020 |
| 8 | \$0 - \$65,900 | \$65,901 - \$105,440 | \$105,441 - \$131,800 | \$131,801 - \$158,160 |
| * | \$6,725 | \$10,760 | \$13,450 | \$16,140 |

**Pou chak moun nan fanmi an ki gen plis pase wit lane, va lakòz yon ogmantasyon kwasant ki va chanje kalifikasyon pou diskont la.*

ETAP 2: Ranpli yon aplikasyon FAP pou Wellstar epi bay dokiman pou apiye aplikasyon an.

Pou yo pran ka yo ankont pou FAP, pasyan ki pa gen asirans oswa ki pa gen ase asirans dwe ranpli yon aplikasyon epi divilge ki asirans yo genyen epi/oswa mwayen yo genyen pou peye, pou nou wè si yo bezwen asistans tout bon vre. Yon aplikasyon FAP ki konplè vini avèk tout dokiman ki nesèsè, tankou paregzanp deklarasyon bankè, papyè taks, ak lòt enfòmasyon sou salè, pou ede Wellstar wè si moun nan elijib pou asistans finansyè total-kapital (swen endijan) oswa asistans finansyè pasyèl (swen charite). Aplikasyon yo disponib sou entènèt, sou sitwèb <http://www.wellstar.org> epi sou demann nan lopital la, nan espas admisyon pasyan k ap resevwa swen estèn epi/oswa espas kote yo egzeye moun. Yo dwe voye aplikasyon an nan yon delè 240 jou apre dat sèvis la, oswa apati dat pasyan an resevwa premye bòdwo a, apre egzeye. Si yon aplikasyon manke enfòmasyon ki enpòtan, pasyan an va resevwa yon avi alekri epi y ap bay li 30 jou aprè li resevwa avi a pou li aplike ankò. Y ap bay estati FAP la nan yon delè 30 jou apre yo resevwa aplikasyon an. Si yo apwouve li, nivo FAP la valid pou 6 mwa. Se va responsablite pasyan yo pou peye montan redui ki rete apre règleman FAP la. **Konseye finansye Wellstar yo disponib sou plas pou ede w avèk aplikasyon an, oswa pasyan kapab rele 470-245-9998. Tanpri voye aplikasyon ou ranpli an, ansanm ak nenpòt ki korespondans an rapò ak FAP, bay:** Wellstar Hospital Financial Assistance Program Application
Post Office Box 748733
Atlanta Georgia 30374